



Olga Hugelmeyer  
Superintendent of Schools

22 Desanm 2021

A Kominote Aprantisaj Lekòl Piblik Elizabeth,

Mwen espere ke komunikasyon sa rive jwenn ou an bon sante pandan nou ap pwoche vakans jou ferye yo ak kalandriye fen ane 2021 an. Pandan nou ap tann 2022 avèk espwa ak kè kontan pou yon ane ki pi an sante, pwospere, san dout nou ap fè fas ak nouvo defi ak anpil bagay ki poko klè ki pral mande pou nou tout fleksib.

Kòm yon rapèl, **tout lekòl distri ak biwo administratif yo pral fèmen 24 Desanm jiska 2 Janvye.**

Nan dènye jou ak semèn ki sot pase yo, nou te wè yon ogmantasyon nan ka pozitif nan popilasyon elèv avèk manm ekip nou yo ak yon nesesite pou mete plis elèv nan objektif karantèn. Se entansyon nou pou asire tout anplwaye ak elèv yo rete an sante epi prepare pou jwi jou ferye yo ak vakans ivè a pi byen ke posib.

Nan moman sa, nou ap planifye pou rekòmanse aprantisaj konplè an pèsòn lè lekòl la rekòmanse pou elèv yo Lendi, 3 Janvye 2022. Men, si ka COVID-19 ogmante pandan jou ferye yo, nou ka resevwa novo konsèy nan men Depatman Edikasyon New Jersey ak Depatman Sante New Jersey. Nou ap kontinye swiv konsèy yo sou operasyon lekòl yo, pandan nou ap kontinye konsilte ofisyèl sante lokal ak ekspè medikal yo, epi kenbe w enfòme a nenpòt chanjman.

Lè nou pran faktè sa yo an konsiderasyon, elèv yo pral pote laptop lakay yo pou vakans jou ferye yo si nou bezwen fè tranzisyon nan aprantisaj pa entènèt an Janvye.

## **NOUVO ENFÒMASYON**

Mizajou Direksyon pou Entèdi moun ki soti nan NJDOH

Depatman Sante New Jersey (NJDOH) fèk mete ajou direktif yo. Mizajou ki pi enpòtan an diminye peryòd rete lakay pou moun ki gen kontak pwòch ak anplwaye oswa elèv ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ki san sentòm. Nan ka sa, peryòd rete lakay la redwi kounyèa a 10 jou (oswa 7 jou ak rezulta tès negatif kolekte nan 5-7 jou) ak kontinye siveye pou sentòm yo jiska 14 jou apre yo te ekspose.

Pwotokòl COVID-19 pou vakans la

**Office of the Superintendent of Schools**

Pou pataje angajman ak responsablite nou pou kenbe kominote aprantisaj nou an sekirite epi an sante ke posib, tanpri respekte pwotokòl ki pi ba yo ki gen rapò ak rezulta tès pozitif pou COVID-19 pandan jou ferye yo ak vwayaj andeyò eta a:

- Si yon moun nan kay la teste pozitif pandan vakans la, tanpri voye yon email bay Enfimyè Lekòl ou a ak Direktè/Sipèvizi a.
- Si fanmi w ap **vwayaje andeyò eta a pandan vakans la**, tanpri kominike a enfimyè lekòl ou a pou fè w konnen si rete an karantèn ap obligatwa.

Silvouplè kontinye refere a [Elizabeth Public Schools 2021-2022 District Calendar](#) pandan w ap fè plan ki ka afekte prezans ptit ou a.

#### Asistans pou fè aranjman pou pran yon vaksen kont COVID-19

Si w bezwen asistans pou pwogramme yon randevou pou Vaksen COVID-19, tanpri kontakte enfimyè lekòl ou a, vizite [NJ COVID-19 Vaccine Appointment Finder](#), oswa kontakte **Sant Apèl Vaksen NJ nan 855-568-0545**. Pou plis detay sou resevwa asistans pou pran yon randevou pou vaksen an, vizite [New Jersey Enfòmasyon sou COVID-19](#).

Pou fini, mwen vle di *mèsi* pou kontribisyon ak sipò ou ki te fè posib pou akeyi elèv yo nan aprantisaj an pèsòn ane lekòl sa. Pandan prèske de ane, nou menm kòm yon kominote te fè eksperyans bagay moun paka imajine. Kapasite nou pou antoure elèv nou yo ak edikatè ki pran ka yo ak sipò sosyal e emosyonèl nan anviwonman lekòl yo abitye ki an sekirite epi se yon pati enpòtan nan ede yo nan moman difisil sa yo.

Pandan sezon fèt la epi antre nan ane 2022 kòm pandemi an ap kontinye evolye, nou tout dwe plis vijilan nan fè pati pa nou pou ede kenbe tèt nou ak moun ki bò kote nou an sekirite.

Nou rete angaje pou kenbe pòt lekòl nou yo ouvè – *toutotan nou kapab fè sa san okenn danje*. Pandemi an chanje lavi nòmal jan nou te konnen 1, men sa li pa chanje se pwomès nou pou asire chak timoun reyalize ekselans. Nou ap kontinye travay san pran souf epi fè tout sa nou kapab pou kenbe elèv ak manm ekip nou yo an sekirite pandan nou ap kenbe lekòl yo ouvè pou elèv nou yo avanse.

Pou fini a ane 2021 an, mwen swete nou tout yon sezon fèt an sante, lajwa, epi an sekirite ak yon nouvo ane ki ap pote anpil fwi epi an sante.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer